



MATERI KHUTBAH JUMAT

# FAEDAH AMAR MAKRUF LAN NAHI MUNGKAR

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I



*Dipunpepaki kaliyan pambikakan kaliyan doa penutup*

**[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF**

*Enggal-enggal hubungi WA admin dakwah.id*

**0895-8060-18090**

**www.dakwah.id**

 @dakwahid

 @igdkwh

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat  
yang akan langsung dikirim  
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor whatsApp berikut ini:

**0895-8060-18090**

*Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.*

# FAEDAH AMAR MAKRUF LAN NAHI MUNGKAR

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ  
يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ  
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ  
إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ  
الرَّجِيمِ:

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا  
كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ  
اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرَ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ  
مُحَدَّثَاتُهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بَدْعَةٌ وَكُلُّ بَدْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ. أَمَّا بَعْدُ

Sumangga, kula dherekaken sesarengan tansah muji syukur dhumateng ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala*. Kanthi mujudaken syukur ingkang sak leres-leresipun lan syukur ingkang sak kathah-kathahipun. Inggih punika nindakaken sadaya dhawuhipun lan nilar sadaya pepacuhipun.

Shalawat lan salam muji tansah dipun paringaken dhumateng junjungan kita Nabi agung Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam* lan ugi dhumateng para kaluwarga, para shahabat, saha para pendherekipun ingkang tansah manut lan mituhu ndherek dhawuhipun ngantos benjang wonten ing akhirat.

Kulo wasiataken piyambak lan para jamaah sadayanipun manga sesarengan hanambahi iman lan taqwa dhumateng Allah *subhanahu wata'ala*. Mugi-mugi kanthi iman lan takwa punika gesang kita tansah wilujeng wiwit ing donya ngantos benjang wonten ing akhirat.

Allah Ta'ala paring pangandikan,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.” (QS. Ali Imran: 102)

### ***Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia***

Saben-saben tiyang Islam wajib mangertosi lan nglenggana bilih ngajak tumindak kesaenan lan nyegah tumindak ingkang awon utawi kawestanan wonten istilah syar'i amar makruf lan nahi mungkar punika kalebet tumindak ingkang sae utawi amal saleh ingkang saged maringi faedah dhumateng pribadinipun piyambak ugi dhumateng tiyang sanes.

*Amar Makruf* inggih punika sadaya tumindak utawi pangucap ingkang wujudipun dhawuh, ngajak, lan nuntun dhumateng tiyang supados nindakaken lan manut mituhu dhumateng Allah *subhanahu wata'ala* lan Rasulipun.

*Nahi Mungkar* maknanipun tumindak lan ucapan dhumateng tiyang

ingkang sifatipun ngawisi, nyegah, ngalang-alangi, ndukani, nuturi lan ngengetaken bebayanipun tumindak dosa tumrap tiyang ingkang tumindak awon utawi nglanggar awisanipun Allah *subhanahu wata'ala* lan Rasulipun.

Sadaya wau dhawuhipun Allah *subhanahu wata'ala*.

وَلْتَكُنْ مِنْكُمْ أُمَّةٌ يَدْعُونَ إِلَى الْخَيْرِ وَيَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَأُولَئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ

“*Anaa sagolongan saka sira kabeh (bebadan) kang ngajak-ngajak marang kabecikan padha parentah tindak kabecikan, lan nyegah laku ala, wong kang kaya mangkono mau wong-wong kang pada begja.*” (QS. Ali Imran: 104)

### ***Jamaah shalat Jumat Inkang Berbahagia***

Amar makruf lan nahi mungkar punika satunggaling amal ingkang kedah kita tindakaken wonten ing panggesangan masyarakat, supados kita dipun tebihaken saking rubeda lan ancaman siksaniipun Allah *subhanahu wata'ala*.

Kedah dimangertosi bilih ancaman siksaniipun Allah *subhanahu wata'ala* menika yekti badhe kaparingaken dhumateng tiyang ingkang beriman, jalaran piyambakipun ngendelaken lan nggadahi sikap acuh dhumateng sedherekipun ingkang tumindak dosa lan durhaka.

Allah *subhanahu wata'ala*. paring pangandikan,

وَاتَّقُوا فِتْنَةً لَا تُصِيبَنَّ الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْكُمْ خَاصَّةً وَعَاصِمُوا أَنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ

“*Lan sira padha njagaha fitnah cobaning Allah kang ora mung bakal ngenani wong kang padha nganiaya wae, lan sira padha mengertia yen satemene siksaning Allah iku pancen abot temenan.*” (QS. Al-Anfal: 25)

Menika isyarat al-Quran kang njelasaken bilih menawi kita mboten nggadahi upaya ngengetaken kesaenan lan nyegah keawonan,

saktemenipun siksa utawi adzab Allah menika badhe dipun umumaken utawi ratakaken dhumateng sadaya manungsa.

Mekaten ugi Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* paring pepeling dhumateng umatipun sadaya kanthi sabdanipun,

إِنَّ النَّاسَ إِذَا رَأَوْا الْمُنْكَرَ لَا يُغَيِّرُونَهُ، أَوْشَكَ أَنْ يَعْمَهُمُ اللَّهُ بِعِقَابِهِ

“Saktemene manungsa kang ngerteni kemungkaran (tumindak ala) ananging ora padha gelem ngrubah (nyegah), wus bakal temenan Allah subhanahu wata'ala bakal ngratakake siksane.” (HR. Ibnu Majah No. 4005)

### **Jamaah shalat Jumat Inggang Berbahagia**

Amar makruf lan nahi mungkar kedah dipun tindakaken, senadyan dateng kanca, sedherek, lan tangga. Semanten ugi senadyan dhumateng tiyang nduwuran, tiyang inggang hanggadhahi pangkat lan jabatan lan senadyan nggadhahi kekuasaan.

Manawi amar makruf lan nahi mungkar boten dipuntindakaken, pramila mesthi tuminjak keji lang mungkar saget ngrembaka. Tiyang Islam inggang nggadhahi iman wajib menika amar makruf lan nahi mungkar.

Ngendikanipun Allah *subhanahu wata'ala*,

وَالْمُؤْمِنُونَ وَالْمُؤْمِنَاتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ يَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُقِيمُونَ الصَّلَاةَ وَيُؤْتُونَ الزَّكَاةَ وَيُطِيعُونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ أُولَئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ اللَّهُ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ

“Ana dene para wong kang padha mukmin priya lan wanita iku saweneh marang sawenehe padha sih sinihan, dheweke padha mrentah tumindak becik, lan padha nyegah laku ala, lan padha ngedegake shalat sarta padha aweh zakat, apa dene padha ngestukake dhawuhe Allah lan utusane. Wong kang mangkono iku bakal padha kaparingansih rahmating Allah. Sanyata Allah iku Maha Mulya sarta maha wicaksono.” (QS. At-Taubah: 71)

Pramila mangga kita tansah gesangaken budaya amar makruf lan

nahi mungkar wonten ing lingkungan panggesangan kita. Wonten ing kampung, wonten ing pasar, wonten kantor-kantor, semanten ugi wonten ing panggenan ibadah.

Amargi kemaksiatan jaman sakmenika mboten namung dipun lampahi wonten ing panggenan kemaksiatan, ananging enten tiyang ingkang wantun bermaksiat wonten panggenan ibadah. *Na'udzubillah min dzalik.*

### ***Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia***

Wonten ing babrayan panggesangan masyarakat, tiyang mukmin kedah aktif nindakaken amar makruf lan nahi mungkar. Jalaran nindakaken amar nahi mungkar mujudaken amal kesaenan tumraping tiyang ingkang nggadhahi iman.

Allah paring pangandikan,

وَأَنْفِقُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَلَا تُلْقُوا بِأَيْدِيكُمْ إِلَى التَّهْلُكَةِ وَأَحْسِنُوا إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ

*“Lan sira padha nanjakna bandhanira ana ing dedalaning Allah, lan sira aja padha nibakke tanganira ana ing karusakan, lan sira tansah padha gaweya kabecikan, sanyata Allah iku remen marang wong kang padhatumindak becik.” (QS. Al-Baqarah: 195)*

### ***Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia***

Mekaten materi khutbah Jumat babagan faedah amar makruf lan nahi mungkar ingkang saget kawulo aturaken, mugi-mugi kita saged nindakaken amar makruf lan nahi mungkar, ingkang sanget ageng faedahipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ  
الرَّحِيمُ.

**KHUTBAH KEDUA**

أَحْمَدُ رَبِّي وَأَشْكُرُهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ  
وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ  
عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ  
الرَّجِيمِ:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ  
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَخْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ  
مُجِيبُ الدَّعْوَةِ

اللَّهُمَّ أَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا، وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا، وَاهْدِنَا سُبُلَ السَّلَامِ، وَجَنِّنا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ،  
وَجَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ، وَبَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا، وَأَبْصَارِنَا، وَقُلُوبِنَا، وَأَزْوَاجِنَا،  
وَذُرِّيَّاتِنَا، وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَاجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمِكَ مُشْنِينَ بِهَا عَلَيْكَ، قَابِلِينَ  
لَهَا، وَأَتِمِّمَهَا عَلَيْنَا

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى، وَالتَّقَى، وَالْعَفَافَ، وَالْغِنَى

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

وَآخِرُ دَعْوَانَا أَنْ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ